

Konnen Dwa Ou Yo!

KNOW
YOUR
RIGHTS

Èske yon Ajan Rekouvremant kapab pran Lajan sou Kont Bankè Mwen?

Nou tout genyen dwa lè se zafè koleksyon dèt k ap regle, anba lwa Eta ak federal la.

An jeneral, ajan rekouvremant yo pa kapab pran lajan ou si ou sèl revni ou se prestasyon gouvènmantral yo. An efè, akòz lwa federal la, majorite prestasyon yo legalman "egzonere" nan koleksyon dèt la.

Epi si w ap viv nan Eta New York, ou genyen dwa ak pwoteksyon adisyonèl, anba lwa Eta.*

Men kòman li fonksyone:

- Ajan rekouvremant yo pa kapab pran lajan sou kont bankè ou, si kont ou an genyen sèlman prestasyon gouvènman
- Anplis, ajan rekouvremant yo pa kapab pran lajan sou kont - ou oubyen menm "freeze" (jele) kont ou an - si:
 - Ou genyen \$4,080 oubyen mwens sou kont ou, epi kont lan pa genyen okenn prestasyon gouvènman — oubyen —
 - Ou genyen \$3,425 oubyen mwens sou kont lan kont lan genyen avantaj gouvènman (menm si kont ou an genyen tou revni ki soti nan lòt sous, tankou salè yo).

*New York te adopte Lwa sou Pwoteksyon Revni Egzonere an 2008 pou anpeche ajan rekouvremant yo kite New York san ase lajan pou kouvri bezwen debaz yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Asistans NYC Financial Justice: 212-925-4929

Liy asistans lan founi konsèy jiridik pou rezidan NYC a fèb revni yo.

Lè Liy Asistans yo: L 4-6 pm | Ma, Mè, Je 12-2 pm



Jwenn plis enfòmasyon sou Konnen Dwa ou pou Abitan New York
yo fjhotline.nyc

Depliyen sa gen entansyon pou founi enfòmasyon jeneral bay Abitan New York yo, epi yo pa bay li antanke konsèy jiridik.

New Economy Project ap jere Liy Asistans Jistis Finansyèl NYC a, yon liy asistans jiridik gratis pou Abitan New York ki gen revni fèb yo. Misyon New Economy Project se pou bati yon ekonomi ekitab ki fonksyone pou tout moun, ki anrasine nan jistis rasyal ak jan, kowoperasyon, ekite katye ak dirablite ekolojik.

© 2026 New Economy Project | neweconomyproject.org

